Ассаламу гlалайкум, казбекалъул жамагlат!

ВЕСТНИК
Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 45 (9783) / 8 октябрь 2018 с. / итни 28 Мухlаррам 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

Эколого-туристический форум

2 октября в с. Алмак состоялся межмуниципальный добровольческий эколого-туристический форум, организованный администрацией МР «Казбековский район» в рамках мероприятий Года волонтерства. Здесь встречали школьников и студентов из 16 городов и районов нашей республики.

В работе форума приняли участие представители минмолодежи, минтуризма, министерства природных ресурсов и экологии, министерства сельского хозяйства и продовольствия РД. Как отметил в приветственном слове и.о.главы МР Ильяс Шабазов, участие в форуме поможет активистам волонтерского движения выбрать правильные жизненные ориентиры.

На федеральные средства в Алмаке будет реализован инвестиционный проект «Строительство санаторно-туристского рекреационного комплекса», презентацию которого также провели в рамках форума. Заявленные сроки реализации проекта – 2019-2020 г.г.. Объем ожидаемых инвестиций составит 250 млн. рублей. В рамках проекта, для привлечения туристов, планируется построить санаторно-профилактический центр на 100 мест, 6 коттеджных домиков, спортивно-досуговую зону с футбольным полем, волейбольной площадкой и теннисным кортом, подъемник, зону релаксации, озеро для любительской рыбалки, веревочный парк и конно-спортивную арену.

Строительство лечебницы в уникальных природно-климатических условиях, где имеются редкие ценные лекарственные растения и минеральные источники, даст возможность использовать ценное лекарственное сырье пантового оленеводства. Преимущества проекта – транспортная доступность и удобное географическое положение. Заявлено о возможности организации трофейной охоты. Все это будет способствовать популяризации туристических маршрутов, проложенных через наш район.

«Через пару лет это место должно стать крупным туристическим центром нашей республики. Надеюсь, что участники форума воочию оценят красоту нашей природы и традиционное гостеприимство жителей Салатавии», — сказал Шабазов в своей речи.

В рамках форума были организованы образовательные семинары и тренинги по добровольчеству, командообразованию, развитию туризма и социальному проектированию. Волонтеры занимались общественно-полезной работой, защищали молодежные проекты и получили по итогам работы волонтерские удостоверения.

Для гостей форума организовали экскурсию по живописным местам –Алмак и на оленью ферму, где занимаются разведением пятнистого оленя. «Оргкомитет выражает благодарность ООО «Совхоз Алмакский» и лично Айтемиру Сатираеву за большую помощь в организации и проведении мероприятия. Презентованный сегодня инвестиционный проект реализуется по его инициативе и при его непосредственном участии», — отметил начальник отдела по физической культуре, спорту, туризму и делам молодежи администрации МР Ибрагим Булатханов.

Он также отметил работу специалистов минмолодежи РД, которые взяли на себя проведение обучающих семинаров, тренингов и провели все мероприятия образовательной программы форума на высшем уровне. Волонтеры увезли с собой из Салатавии массу впечатлений, Благодарственные письма, грамоты и памятные подарки главы района Гаджимурада Мусаева.

И. Булатханов.

Администрация главы и Правительства Республики Дагестан информирует...

В рамках реализации государственной программы «Реализация государственной национальной политики» Федеральное агентство по делам национальностей совместно с Благотворительным фондом «Дети помогают детям» при поддержке телеканала РУ.ТВ осенью этого года запускает новый межнациональный проект для исполнителей от 13 до 17 лет Национальный музыкальный телевизионный конкурс «Во весь голос» (далее Конкурс).

Информация о Конкурсе опубликована на сайте ФАДН России.

Хиса-баси ккана

Ах1мадрасул-х1ажи Качалаев

Х1абибурах1ман Мух1амадов

28 сентябралда, Дагъистан Республикаялъул Муфтияталъул х1укмуялда рекъон, Дилим росдал имам Ах1мадрасулх1ажи Качалаев т1амуна районалъул имамлъун. Дилим росдал имамлъун тасдикъ гьавуна Бакълъухъа Г1абдулгъапурил Мух1амадил вас Х1абибурах1ман.

Конференция т1обит1ана

3 октябралда районалъул культураялъул Централда тlобитlана «Экстремизмалде ва терроризмалде дандечlей» абураб темаялда конференция. Гьенире гlахьаллъана- «Казбек район» муниципалияб г1уц1иялъул бетlерасул заместитель И.Б. Салимханов, районалъул имам А-р.Качалаев, Жамгlияб палатаялъул председатель Хl.А. Адимирзаев, райадминистрациялъул хlалтlухъан Б.С. Нуцалов, районалда бугеб Дагъистаналъул муфтияталъул рухlияб лъайкьеялъул отделалъе нухмалъулев И.Т. Темирбулатов, прокурорасул кумекчи Ш.М. Мухlамадов, ОМВДялъул юрист-консультант Х1.А. Зубайриев, физкультураялъулгун спорталъул ва гlолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул хlалтlухъан И. М-а. Дадаев.

Гьединго, конференциялда гlахьаллъана учреждениябазулгун организациябазул хlалтlухъаби, Дилим росдал лицеялъулгун гимназиялъул ч1ах1иял классазул цlалдохъаби. Терроризмалъул ва экстремизмалъул идеологиялде данде бакlалъул власталъ, закон цlунулел органаз, диналъул церехъабаз, жамгlиял гlуцlабаз гьабулеб цадахъаб хlалтlул хlакъалъулъ докладгун цеве вахъана И.Б. Салимханов.

Хадусан кlалъазе рахъарал-Хl.А.Адимирзаевас, А.-р. Качалаевас, Хl. А. Зубайриевас, Ш.М.Мухlамадовас, Б.С.Нуцаловас ва И. М-а. Дадаевас гьениб бицана гlолилазда гьоркьоб экстремизм ва терроризм тlибитlунгутlиялъе жидер гlуцlабаз гьабулеб хlалтlул, гьезде данде цадахъ къеркьеялъул бугеб кlваралъул ва къеркьей гьоркьоб къотlизе биччазе бегьулареблъиялъул.

Конференциялъул ахиралда къабул гьабуна экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялде дандечlеялде районцоял ахlулеб хитlаб.

И.ИДРИСОВ.

Хъвадарухъаналъул х1урматалда

28 сентябралда Алмахъ росдал культураялъул Рукъоб тIобитIана Россиялъул хъвадарухъабазулгун журналистазул Союзазул член Париза Гереевалъул творчествоялда хурхараб данделъи. Гьенире гIахьаллъанаайоналъул депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М. Гьирисханов, ЦТКНРалъул хIалтIухъаби, росабазул культураялъул рукъзазе нухмалъулел, гьалбал, Алмахъ росдал гьоркьохъеб школалъул мугIалимзабигун цIалдохъаби ва гь.ц.

КIалъазе рахъарал- Гъ.Гьирисхановас, ХIажимухIамад ХIажимухIамадовас, Динуч Динаевас (жамгIиял хIаракатчагIи), Зайбодин ГIумаровас, МухIамадрасул Шайихмухlамадовас(Хасавюрт шагьаралъул цолъизабураб **«Гьудуллъи»** газеталъул бетIерав редактор), Зумрат МухIамадовалъ (ЦТКНРалъул директор), Ниязбег Къасуевас, ПатIимат МухIамадовалъ, Сакинат ГIабдуразакъовалъ ва цогидазги лъикIаб къимат кьуна Паризал тврочествоялъе.

КIалъаязда гьоркьор гьенир рикIкIунел ва ахIулел рукIана П.Гереевалъ рахъарал кучIдул ва гьез данделъаразул ракIазе лъикIаб асар гьабулеблъи бихьулеб букIана.

Балагьараз лъик1аб къимат кьуна данделъиялъе сценарий гIуцIарай ЦТКНРалъул бетIерай специалист Рапият МухIамадовалъе, кочIохъаби: Руслан Имамирзаевасе, Зияродин ГIамиевасе, Маржанат ГIабдулаевалъе, Ильяс Висарбиевасе, Мухтар ХIайбулаевасе, Рамазан МухIамадовасе, гьитIинав кочIохъан СагIид Имамирзаева-

се, П.Гереевалъул кучIдул рикIкIарал Алмахъ росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазе, Паризаде кучIдул рахъарал -Наида Расуловалъе, Раида Набиевалъе ва Забурай Амачевалъе.

Данделъиялъул ахиралда П.Гереевалъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна тадбир гIуцIаразе, гьенир гIахьаллъаразе ва жиндир творчествоялъе къимат кьурал тIолазего.

ГIуцIиялда ва махщалида данделъи нухда бачана Лайла Имамирзаевалъ ва МухIамад Дудуевас.

С.САЛИХIОВ, Гъизилюрт шагьар.

ХIавуз къачIана

ГIемерал соназ хIалтIизабиялъул хIасилалда, Дилим росулъе лъим чвахулеб ва гьеб бакIарулеб «ГохIил бакъ» участокалда бугеб, 1000 тонна лъел жанибе унеб хIавуз жагъаллъун бук1ана. Гьелъие капиталияб ремонт гьабизе кьучI лъуна росдал администрациялъ. Ремонт гьабизе ккуна хасаб бригада. Гьелъ щула гьаруна хIавузалъул къадал, цIигьабуна гьелъул т1ину ва къачIана хIавузалда сверухъ бак1. Гьедин гьабиялъ рес кьуна росулъе чвахулеб лъим бац1ц1адаблъун ц1унизе.

И.ИДРИСОВ.

Ц1алдохъаби мадугьалзабаз къабул гьаруна

22 сентябралда бух1ана Миякьоб росдал школалъул мина

Гьелда бан ДРялъул бет1ер Владимир Васильевас т1обит1араб данделъиялда г1ахьаллъана ДРялъул х1укуматалъул председатель Артем Здуновги ДРялъул вице-премьер - ДРялъул лъайкьеялъул ва г1елмуялъул министр Уммупазил Г1умароваги.

Владимир Васильевас т1оцебесеб иргаялда ц1ехана бух1араб школалъул ц1алдохъабазул ц1али кин г1уц1ун бугебали. «Х1укму гьабуна ц1алдохъаби мадугьалихъ бугеб росдал школалде рит1изе. Гьениреги гьел раччулел руго школалъул автобусасза. Кват1ич1ого гьенире рит1изе руго ц1иял автобусалги», - ян баян кьуна лъайкьеялъул ва г1елмуялъул министралъ.

Республикаялъул бет1ерас Дагъистаналъул лъайкьеялъе федералияб бюджеталдаса кьураб г1арцул ц1ехолаго, к1вар къуна лъаг1алил ахиралде гьеб г1арац харж гьабун бахъинабизе кколеблъиялде.

Министралъ бицана, 739 млн гъуршидаса 433 млн. биччан бугин анкьго школаги цо спортзалги базе. «Гьеб г1арцул хумlун буго 46 млн гъуруш. Федералияб субсидиялъул цо бут1аялъухъ росана бесдал лъималазе рукъзал. Гьеб г1арцул т1оцебесеб бут1а харж гьабун бахъана, хут1араб бач1ине ккола октябралда», - ян абуна гьелъ.

Владимир Васильевас бух1аралъул бак1алда ц1ияб школа базе ресал ратиялда т1ад ургъизе ккеялде к1вар буссинабуна.

Росабалъ спорт цебет1езабиялъул мурадалда биччан бук1араб г1арцухъ, 115 спортивияб майданалде т1аде жеги 40 г1уц1изе рес щванилан бицана У.Г1умаровалъ.

Гьединго данделъиялда бицана ц1алдохъаби ц1алул т1ахьаздалъун хьезариялъул х1акъалъулъги. Министралъул раг1абазда рекъон, ц1иял стандартазде рекъонкколеб 3 млн. 600 азарго т1ехь бач1ун буго школазде. Жеги х1ажат буго 2 млн. 120 азарго ва 149 азарго рахьдал мац1азул т1ехь. Гьел киналго росизе къвариг1уна 800 млн. гъуруш. Гьабсаг1аталда республикаялъул бюджеталда буго гьелъие биччараб 220 млн гъуруш ва жеги 70 млн гъуруш меценатазги кьун буго.

Мадугьалзабазулгун бухьенал

Россиялъулги Азербайжаналъулги экономикаялъул министерствабаз къот1аби гьаруна

27 сентябралда ДРялъул бет1ерас г1ахьаллъи гьабуна Азербайжаналда т1обит1араб Россиялъулгун Азербайжаналъул регионазда гьоркьосеб данделъиялда. Гьесда цадахъ гьенир рук1ана Халкъияб Собраниялъул председатель Хизри Шихсаг1идов, гьесул заместитель Елена Ельникова, ДРялъул экономикаялъулги территориалияб цебет1еялъулги министрасул ишал т1уралев Г1усман Хасбулатов, гьесул г1акълучи Игорь Г1убайдуллин, росдал маг1ишаталъулгун кванил ниг1матазул министрасул ишал т1уралев Г1абдулмуслим Г1абдулмуслимов, транспорталъулгун нухлул маг1ишаталъул министрасул ишал т1уралев Ширухан Х1ажимурадов, предпринимательствоялъулгун инвестициязул агентствоялъул нухмалъулесул ишал т1уралев Х1ажи Хlасанов.

Хасаб к1варбуссинабуна гьес Самур г1оралда т1асан кьо баялъул масъалаялдеги. «Россиялъул 190 компаниялъ баччулеб буго гьеб кьодасан къайи. Гьезда гьоркьоса г1емерисел руго дагъистаниял. Гьелдаго цадахъ, гьенир х1алт1улел компаниязул бут1а дагьлъана 39 проценталде щвезег1ан. Гьеб масъалаялде ц1ик1к1ун к1варкьезе ккела. Х1исабалде росизе ккола Каспиялъул раг1аллъабазда ругел пачалихъазул бут1рузул дандч1ваялда гьарурал х1укмабиги гьенирго церелъурал ва нилъер г1аммаб г1умруялъе лъик1ал шарт1ал г1уц1иялъе квербакъулел проекталги», - ян абуна Васильевас.

«Х1акъикъат» газеталдаса босараб (№ 38, 28 сентябрь, 2018с.)

27 сентябрь - тарбиячиясул Къо

Тарбиячаг1азул данделъи

Дагьал церег1ан къояз районалъул культураялъул Централда т1обит1ана тарбиячиясул Къо к1одогьабиялда хурхараб данделъи. Гьенире г1ахьаллъана-депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М. Гьирисханов, райадминистрациялъул аппараталъе нухмалъулев Г1. П. Базаев, лъайкьеялъул Управлениялъул начальник М.-р.И. Мух1амаев, гьелъулго х1алт1ухъабазул профсоюзалъул райкомалъул председатель М.-а.И. Дадаев, росабазул лъималазул ахазе нухмалъулел ва цогидалги жавабиял х1алт1ухъаби ва цогидалги.

Данделъаразда байрамги баркун, Гъ.М. Гьирисхановас ва М-расул Мах1амаевас лъик1аб къимат кьуна районалъул тарбиячаг1азул х1алт1уе. Х1алт1улъ лъик1ал х1асилал рихьизарурал тарбиячаг1и гьенир к1одо гьаруна районалъул администрациялъулгун райкомпрофсоюзалъул Х1урматалъул грамотабаздалъун ва г1арцулал шапакъатаздалъун.

Данделъаразда байрам баркана Централияб больницаялъул лъималазул отделениялъул к1удияй медсестра Г1азра Лах1итовалъги. Гьеб тадбиралъул концерталъулаб программагун цере рахъана - Дубки поселокалъул, Хубар, Ичк1а, Дилим, Калининаул, Ленинаул росабазул лъималазул ахазул гьит1ичал ва тарбиячаг1и. Культураялъул Централъул х1алт1ухъабаз гьениб х1адурун бук1ана тарбиячаг1аз гьарурал бат1и-бат1иял т1аг1елаздасан г1уц1араб выставка.

Данделъи бачана Дилим росдал №2 **«Кенч1еро»** лъималазул ахалъул тарбиячаг1и: Загьра Х1ажимух1амадовалъ ва Г1айшат Свадрудиновалъ.

Х1. КАРИМОВА.

Ишахиса лъим

Лъик1аб къимат кьуна

Араб анкьалда Ишахи участокалдаса лъим бачунелъур х1алт1улел механизаторазухъе щвана нилъер районцоял: Дагъистан Республикаялъул промышленносталъулгун энергетикаялъул министр Сайгидпаша Дарбищевич Г1умаханов ва жамг1ияв цевехъан Айтемир Сайханович Сатираев.

Гьез лъик1аб къимат кьуна гьениб гьабураб ва гьабулеб бугеб х1алт1иялъе. Загьир гьабуна х1ажатаб кумекалъе жал кидаго х1адурал рук1ин.

Гьединго, гьеб участокалда х1алт1улеб экскаваторалъул бет1ергьанчи Къурбанов Мух1амадх1ажияс жинца нухмалъи гьабулеб идараялъул экскаватор х1алт1изабуралъухъ кьезе кколеб 400 азарго гъурущалдаса 100 азарго гъурущ т1аса бахъана.

«Нужер росабазул жамаг1атаз гьабулеб лъик1аб х1алт1иялде гьорлъе дица гьабулеб г1ахьаллъи буго гьеб»,-ан абуна гьес.

Информцентр

Халкъиял куч1дузул гьансито

Тlармида рачунел, магlарул бакънал,
Нуж хисун босулеб хазина бугищ?
Ракl хlайран гьабулеб умумузул кечl,
Дуца куркьбал гъечlев инсан вугодай?

Доб заманалда аваразул адабияталъе кьучl лъурал халкъиял кучlдул рукlунаан маг1на гъваридаб магlнаялъул ва гьез бечед гьабулаан инсанасул рухlияб рахъ. Гьединал кучlдул ахlулев кочlохъан цо чанго нухалда кечl ахlизе цевеги вахъинавулаан. Гьел рукlунаан гlенеккаразул рекlелъе лъугьунеллъун ва гьелъие лъикlаб асар гьабулеллъун. Дагь-дагьккун, нилъедаса рикlкlалъулел некlсиял кучlдулги бакъналги, кlочене течlого, тlадруссинариялда, цlигьариялда тlад кlудияб хlалтlи гьабулеб буго районалъул культураялъул Централъул хlалтlухъабаз.

Магlнаялъул рахъал гъваридаб, ихтилат-кепалъе гуреб, гlенеккарал пикраби гьаризе тlамулеб, цересел бакъназда умумузул заманалъул кучlдул ахlиялъул конкурс тlобитlиялъе г1ат1идаб программа гlуцlц1ун бук1ана Централъул бетlерай специалист Бурлият Гlусмановалъ. Гьенире гlахьаллъана- Хубар,Гуни,Ичкlа ва Алмахъ росабазул кочlохъаби.

Бихьулеб букlана конкурсалда гlахьаллъарал лъикl хlадурлъун рукlин. Бищунго рехсезе мустахlикъаблъун гьениб бук1анин абизе бегьула Хубар росулъа Мухlамад Гъочхъаровасул цевевахъин. Эбелалъ жиндирго лъимералъе гьабулеб рецц-бакъалда хурхараб гьесул кечl киназего бокьана. Балагьараз лъикl къабул гьабуна Ичкlаялдаса Разият Саиповалъ Бекьилъа Муиде ахlараб кечlги. Данделъиялда гlахьаллъаразул ракlазе кlудияб асар гьабураллъун рукlана Гlалимхан Хlажимурадовасул ва Сайгидат Гlалиевалъул церерахъиналги.

Конкурсалъул хlасилал гьарун хадур баянлъана тlоцебесеб бакlалъе Ичкlаялдаса Разият Саипова мустахlикълъараблъи, кlиабилеб бакlалде Сайгидат Гlалиева ячlараблъи, лъабабилеб бакl Хубаралдаса Мухlамад Гъочхъаровас ва Гуниялдаса Гlалимхан Хlажимурадовас босараблъи.

Призалъулал бакlал щваразе ва конкурсалда гlахьаллъаразе гьенир кьуна Хlурматалъул грамотабигун къиматал сайгъатал.

Данделъи махщалида бачана культураялъул Централъул хlалтlухъан Мухlамад Дудуевас.

ХI. КАРИМОВА.

Ниж ц1акъ рохана

Живго берцинав чи гуро берцинав,
Т1абиг1ат берцинав ккола берцинав.
Раг1и гьуинав чи гуро гьуинав,
Г1амал гьайбатав чи ккола гьайбатав.
(Мах1муд-Апанди).

Районалъул Централияб больницаялъул неврологическияб отделениялда х1алт1улел ругел тохтурзабаз, хасго гьеб отделениялъе нухмалъулей Загьидат Х1ажиевалъ, нижее лъик1аб хъулухъ гьабуна ва гьезул берцинаб бербалагьиялъги гьуинаб каламалъги ниж т1убанго сахлъана.

Ниж г1ажаиблъун хут1ана гьеб отделениялда х1алт1улел ясазул жидерго х1алт1уде бугеб гъираги унтаразул гьез гьабулеб адаб-х1урматги бихьараб механда. Гьединал х1алт1ухъаби кирго ругелани,дунялалда щивниги чи унтилароанин рак1алде ккана.

Рац1ц1а-ракъалъи, квен-т1ех, даругьаби гьенир т1адег1анаб даражаялда ч1езарун руго.

«Баба, дада»,-ян ч1ах1ияздехун, **«дир вас, дир яс»**,- ан г1исиназдехун к1алъала гьенир киналго х1алт1ухъаби. Тириго, гьими гьурмадагун т1уразарула гьез киналниги т1адкъаял. Сордо-къоялда жанир щуго-анлъго нухалъги щола гьел унтаразухъе. Бугищ щибниги х1ажатаб? Макьу берцинго гьабунищ? Унти г1одобкъач1ищ? Гьел суалал кьола гьез щивав унтарасе.

Гьединал гьел рук1иналдаса ниж ц1акъ рохана ва хехго сахлъана. Лъала лъик1ал г1адамаздалъун нилъер район бечедаб бук1ин, амма гьедиг1анго лъик1ал г1адамал гьанир ратилин ккун бук1инч1о.

Кьеги гьезие Аллагьас щулияб сахлъиги, халатаб г1умруги, х1алт1улъ жеги ч1ах1иял бергьенлъабиги. Бач1унгеги гьезде т1аде къварилъи. Щогеги гьезухъе рохалилаб гуреб хабар.

Гъалбац1ова Гугьар, Халилова Муъминат,
Х1ажиева Месе (Хубар), Ах1мадова Фатима (Ичк1а).

(Цебесеб - 34 - 45 номеразда)

Пат1а Айтемирова

Къисматалъул кьерал

(КЪИСА)

- Бабу, мун гьанжеги йилизейищ Марина - ункъачол доe уней йигей? Дун яхъине ккелаха мун ялагьизе, дидалъидал мун ятарай доб къоялъги. - Васасул ясалъ гьанже киназего бицунеб бук1ана йиларай к1одоэбел жиндаго ятиялъул. Жий нахъехун ялагьич1ейани, таксиялдаги рек1ун, ине бегьулаанин к1одоэбелин, ч1ух1ун йик1ана гьит1инай яс. Гьелъ т1ад-т1ад юссун бицунеб бук1ана кинабго дие ккараб.

- Бабу, доб къоялъ радал макьидасаго дида раг1ана эбелалъулги Марина - ункъачолги телефоналдасан бицунеб хабар. Т1убараб сордоялъ дуде к1алъазеги к1веч1ого, гьей к1алъан йиго дир эбелалде. Х1алт1уде унев вук1арав эмен эбелалъ нухдасан т1адвуссинавуна. Гьей киналго лъалел-к1олезде мун яч1инч1ищин к1алъана. Даци вач1ана полициялъулавги вачун, цогидал г1агаралги хехго рак1арана. Дица такси ах1ун бук1индал дуе, фирмаялдасан валагьана дов таксист. Доба киве щив аравали хъван бук1унелъул, бабу. Эбелалъ рукъой толей йик1арай дун ч1еч1о, ва киназдаго цадахъ мун ялагьизе яхъана. Лъик1 ккана гьеб, гьел киналго ц1ех-рехалда рук1ун, сверухъе ралагьулелго рук1инч1о. Дида мун т1оцее йихьана.

11

Васасул машинаялда ниж унел рук1ана доб сордоялъ дун ккараб бак1алде. Дие лъазе бокьун бук1ана унгоги нух къан бук1иналъищ дун къосарай, яги дидаго бич-1ч1унареб цо х1алкъолъиялъищ Марьямил хъизаналде т1аде ячараяли. Маринал рукъалъухъе руссунеб къват1, х1акъикъаталдаги, рукъзалги ран, къан бук1ана. Гьенире т1аде кколаан лъабабилеб къот1носан арабго. Амма дун доб сордоялъ гьеб къват1ккун ун йик1араблъи якъинаб бук1ана. Кинха дида лъач1ого хут1араб гьелъул рукъалъул каву ва цере ч1арал берцинал акациялъул гъут1би? Хадусеб бук1ана дагьабги г1аламатаб иш. Марьям йик1араб рукъое ккезе нух бук1ана г1иц1го т1оцебесеб къват1ккун. Къват1алъул бет1ералда бугеб рукъалъухъеги ун, гьенисан бугеб гьит1инабго лъелрахъалда т1асан галиги лъун, свери бугеб нухдасан аралъуб бук1ана гьеб рукъ. Амма дун доб сордоялъ т1оцебесеб къот1ное т1адюссун йик1инч1о ва татавулалда т1асанги ун йик1инч1о.

- Навигаторцин х1алт1уларо гьаб бак1алда, эбел. Х1икмалъизе ккараб жо гуро мун гьаний йилараблъи. Кибха бугеб машинаялда рек1ун гьеб рукъалде аск1обе бугеб нух? Гьанже диегоги бокьун буго лъазе гьаб г1аламалъи кинабали.- Васас машинаялъе нух балагьун сверулеб бук1ана гьеб бак1. Бащдаб саг1аталдасан, гьет1а - к1ич1арал къват1алги нахъа тун, сверун унел бак1аздасан ниж раккана доб рукъалъухъе.

- Гьаб щиб т1абиг1ияб гуреб къуват? Дун гьадинаб бак1алдасан инч1олъи мух1канаб буго. - Дида т1ок1аб абизе жо лъалеб бук1инч1о.

- Эбел, цо-цо нухалъ х1икмалъабигун дандч1вач1ого хут1улароха мун. Садакъа кьезе ккела, гьаб бак1алдаса мун берцинго йорч1идал.

12

Дун, росулъе щун хадуй, дида к1алъана Централъул директор. Гьелъ бицана Марьямида г1унт1изабизе г1айиб ц1ех-рехалъул г1уц1абазда батич1ин ва сундулго гьелъие х1инкъи гьеч1ин.

- Нижеца рак1арана гьелъул ва лъималазул документал, лъималазе пенсия ва пособие гьаризе кколеб бак1алде гьелги кьуна. Лъалищ? Марьям ятана г1езег1анго бечедай г1адан. Хвелелде Чакарица хъвараб васияталда рекъон, жиндирго рукъ ва ракь хъван бугоан Арсенил лъималазе. Рукъ доба гьеч1елъулха, амма ракьул багьа батана г1езег1анго г1ураб. Гьеб бичизе х1алт1и гьабулеб буго. Ракьухъ щвараб г1арцуде шагьаралдаса к1иго бат1ияб секция босизе бегьула. Гьединго, нижеца росулъе рит1ана гьениб бугеб рукъги Марьямида т1ад хъвазе документалги. Гьей х1алт1улей йиго дур гьудулалъул гимназиялда. Т1адеги, художественнияб училищеялда х1алт1улев вугев, жиндир ц1ар лъик1го машгьурав художник Нестеровас Марьям хасал курсазде къабул гьаюна. Гьелъул х1алт1аби рихьигун, гьев х1икмат гьабун хут1ана, ва абуна къанаг1атаб махщел бугин ясалъулин. Нижерго х1алт1уде рак1регьун, ц1ех-рех гьабулеб бук1ана Марьям жаний йик1араб рукъ лъилдаян. Гьеб батана цо к1удияб х1алт1уда вугев чиясул хасаб буголъи. Марьям йихьизе йигейани дуда. Жинсго хисун, лъалаго гвангъун яч1уней гьелъул х1еренаб гьимиялъ ниж киналго рохизарула.

Дица рак1-рак1алъго баркала кьолеб бук1ана Марьямие квер бакъарал киназего ва йохун йик1ана гьеб хъизаналъул къисмат лъик1алдехун хисидал.

13

Отпускалъул ахирисеб къоялъ, азбар-къоноялда свериги бахъулаго, дун, рази гьеч1ого, ялагьулей йик1ана дирго яшавалъухъ. Кколеб къаг1идаялда квер щолареб азбар-къоноялда гьабич1ого хут1араб г1емераб х1алт1и бук1ана. Жеги паст1аниб ражицин ч1ван бук1инч1о.

-Гьаб семечка г1адаб ражи ч1вазе къасдищ дур? Гьединха дур ражи г1иси-бикъинаб, расги гуреб жо лъугьулеб. Гьале, дица кьела дуе хьазе лъик1аб хьодул ражи. Ракьги буго дур хъач1аб, къвак1араб. Беэнлъи гьеч1олъи бихьулеб буго. Гьале, дица дур чалиялда аск1обе рак ч1ехьон. Гьеб баччизе буго дур паст1анибе, ихдалиде тамах гьабизе буго гьелъ дур ракь. Дицаги кумек гьабила, ах1ея вегаралъуса дурго рос гьаниве.

Кидаго кумекалъе ятулей мадугьал дие х1алае яхъун йик1ана. Гьелъул паст1аниб ракь цебего бухъун, т1аде г1азу баялъухъ балагьун бук1ана. Нижер х1алт1и, т1адбан, унеб бук1ана Маринал телефоналъул гьаракь бахъиндал.

- Телевизоралъухъ ялагьун гьеч1ейищ мун?

- Гьеч1о. Паст1аний йиго. Щиб, квешаб хабарищ?

- Лъик1абги щибха бук1инеб нилъер заманалда. Гьа, къасе ялагьаниги бегьила.

* *

Кват1араб сардилъ щвана дие телевизоралда цее г1одой ч1езе. Мах1ачхъалаялъул раг1аллъуда бугеб бак1алда хасаб операция т1обит1улеб бук1анин абун, биххараб рукъ бихьизабулеб бук1ана. Рагъулазул х1ат1азда рет1арал берцаца мерхьунеб бук1ана т1ад накъищал рахъарал биххараб къедалъул кескал. Дида лъана гьеб рукъ. Марьям жаний йик1араб рукъ бук1ана гьеб.

Марьямица дир телефоналде рехун рач1ана жинцаго рахъарал суратал. Гьел рук1ана гвангъарал кьераз рахъарал суратал. Бец1ал кьерал суратазда рук1инч1о.

Росдал маг1ишаталда

1 октябралда районалъул маг1ишатаз росдал маг1ишаталъул Управлениялде кьурал - раг1-хер, кормаби, силос ва гь.ц. х1адуриялъул, пиринч1 бак1ариялъул ва хаслихъе культураби рекьиялъул баянал рехсарал таблицаби:

Наименование хозяйств	Заготовлено тонн																	
	сено						сенаж			солома			силос			Конц. корма		
	Треб.	факт	+-	Про дано	Остатки пр.года	Под везено	Треб.	факт	+-	Треб.	факт	+-	Треб.	факт	+-	Треб.	факт	+-
СП К «Дружба»	300	410	+110	266	-	144	100		-100	40	20	-20	325	200	-225	65		
СП К «Победа»	-	440	+440	440	-	-												
СПК «Новая жизнь»	330	360	30			360	280		-280	70	20	-50	580		-580	140		
СПК «Гертма»		300	300	300														
СПК «Чапаева»		180	180	180														
СПК «Красный Октябрь	2400	2120	-280			2120	1480		1480	125	80	-45	890	750	-140	690		
СПК «Казбек»																		
СПК им.Касаева и Касумова	990	880	-110	-	70	950	170		-170	40		-40	400		-400	380		
ГУП «Дылымское»	280	600	320	250	-	350	175	200	+25	65	65	-	530	200	-330	180		
МУП «Хубар»	260	460	200	210	-	250	135		-135	50	10	-40	420		-420	135		
ОООс/з «Алмакский»	-	220	220	-	-	220												
Всего:	4560	5970	1410	1646	70	4394	2350	200	2150	390	195	-195	3145	1150	-2095	1590		
ЛПХ	25200	25200																
КФХ	3200	3200																
Итого:	32960	34370	+1410	1646	70	4394	2350	200	2150	390	195	-195	3145	1150	-2095	1590		
Было в 2017г.		33150																

№ п\п	Наименование хозяйств	Рис					План сева озим. (га)	Пахота (га)				Посев (га)			
		Площ. уборки (га)	убрано (га)	вал. сбор (тонн)	урож-ть ц\га	ост. убрать (га)		18.09.	24.08	01.10.		18.09.	24.08	01.10.	
1.	СПК « Дружба»	72				72	500	360	450	500			155	330	
2.	СПК «Победа»	57	10	40	40	47									
3.	СПК «Новая жизнь»	200	120	360	30	80	100								
4.	СПК «Гертма»	210	120	456	38	90	120	130	140	140		60	100	100	
5.	СПК «Чапаева»						60	55	55	55				10	
6.	«Красный Октябрь»						350	250	300	320					
7.	ГУП « Дылымское»	70	30	114	38	40	350	400	420	450		25	25	25	
8.	МУП « Ху бар»						30	40	40	40					
9.	СПОК «Гуни»														
10	СПК «Весна»														
	ВСЕГО:	609	280	970	34,6	329	1510	1235	1405	1505		85	280	465	
	ЛПХ	40					130	80	80	80					
	КФХ						100	20	40	60					
	ВСЕГО ПО РАЙОНУ:	649	280	970	34,6	369	1740	1335	1505	1645		85	280	465	

Внимание: повторный конкурс!

Центр занятости населения в МО «Казбековский район» извещает о проведении конкурсного отбора юридических лиц, индивидуальных предпринимателей, независимо от их организационно - правовой формы (за исключением государственных (муниципальных учреждений), обратившихся по месту их регистрации в центр занятости населения в муниципальном образовании «Казбековский район» или многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг в Республике Дагестан, в целях предоставления им субсидий за счет средств федерального бюджета и средств республиканского бюджета Республики Дагестан на возмещение затрат, связанных с реализацией мероприятия по стимулированию предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест. Порядок и условия проведения конкурсного отбора юридических лиц, индивидуальных предпринимателей определены приказом Министерства труда и социального развития Республики Дагестан от 9 июня 2018 г. № 07/1-393 «О мерах по реализации постановления Правительства Республики Дагестан от 11 мая 2018 года № 42 «Об утверждении Порядка реализации дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда Республики Дагестан, на 2018 год» в части стимулирования предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест».

Заявления на участие в конкурсном отборе, документы принимаются с 01.10.2018 до 15.10.2018г включительно.

Субсидии предоставляются юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям, обратившимся в соответствующие центры занятости населения по месту регистрации, в размере их фактических затрат на осуществление предпринимательской деятельности, в том числе закупку оборудования, создание (оснащение) не менее двух дополнительных рабочих мест для трудоустройства граждан, но не более 200,00 тыс. рублей на одно юридическое лицо или на одного индивидуального предпринимателя (размер средств установлен в соответствии с постановлением Правительства Российской Федерации от 29 декабря 2017 г. № 1685 «О внесении изменений в государственную программу Российской Федерации «Содействие занятости населения»).

М.Х.Карагишиев,
и.о. директор ГКУ РД ЦЗН в МР «Казбековский район»

Хъизабазда гьоркьор - спорталъул къецал...

29-30 сентябралда Дубки посёлокалда т1орит1ана **«Эмен, эбел, дун - туристазулаб хъизан»** абураб ах1иялда гьоркь, т1орит1арал спорталъул къецал. Республикаялъул рацада гьел хурхинарун рук1ана Халкъалда-гьоркьосеб туристазул къоялда.

Гьенире г 1ахьаллъана 12 команда. Гьез гьениб бихьизабизе кколаан къадал газета бахъиялъе, викториналъул суалазе рит1арал жавабал кьеялъе, туристазулаб **«мухъ»** теялъе ва художественнияб х1аракатчилъи бихьизабиялъе бугеб махщел.

Районалъул администрациялъул, туризмалъулгун халкъиял промыслабазул Министерствоялъул, ТОКСалъул дирекциялъул, спортивияб туризмалъул Федерациялъул, туристазул **«Чайка»** Централъул х1аракаталдалъун т1орит1арал къецазул г1ахьалчаг1аз гьениб бихьизабуна, цадахъ рекъон х1алт1и гьабизе бугеб бажари, лъай ва бергьенлъи босизе гъира бук1ин. Ленинаул росулъа Г1умарасх1абов Имамил хъизаналъул командаялъ гьениб босана лъабабилеб бак1.

Информцентр

ИНФОРМАЦИЯ
о внесении изменений в извещение, размещенное в газете «Чапар» за №43-44 от 01.10.2018 г.

4.2.Дата и время окончания приема/подачи Заявок: **01.11.2018** г. в 17 час. 00 мин.

4.3.Место, дата и время начала и окончания рассмотрения Заявок: Республика Дагестан, Казбековский район, сел. Калининаул, Администрация сельского поселения «село Калининаул», **02.11.2018** г. с 10 час. 00 мин. по 12 час. 00 мин.

4.4. Место, дата и время проведения аукциона: Республика Дагестан, Казбековский район, сел. Калининаул, Администрация сельского поселения «село Калининаул», в кабинете зам. главы администрации сельского поселения «село Калининаул», **07.11.2018** г. в 16 час. 00 мин. Дата и время регистрации Участников: **07.11.2018** г. с 15 час. 00 мин. по 15 час. 50 мин.

Объявление
о проведении публичных слушаний по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка

Согласно решения №6\4 «О проведении публичных слушаний администрации СП «село Ленинаул» сообщает о проведении 8 ноября 2018 года в 16:00 ч., публичных слушаний по изменению вида разрешенного использования земельного участка.

1. площадью 9007 кв.м. с кадастровым номером 05:12:000004:3686 находящийся в частной собственности, расположенный по адресу с.Ленинаул Казбековского района в ходе кадастровых работ разделен на 2 участка.
2. 3\у1 – 2205 кв.м.
3. 3\у2 – 6802 кв.м.

2. Образованный путем раздела земельный участок 05:12:000004:3686 с вида разрешенного использования «Автомобильный транспорт» изменить на вид разрешенного использования «Спорт».

М.З.Батилгереев, глава АСП «село Ленинаул»

Объявление

Публичные слушания назначенные согласно постановления главы МО с.Дылым от 5 сентября 2018 года по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка площадью 15407 кв.м. кадастровым номером 05:12:000001:3092 расположенный по улице имама Шамиля принадлежащее на праве собственности Шираеву Паше Юсуповичу отменяются.

(Объявление в газете «Чапар» № 41-42 от 24.09.2018г.)

И.М.Магомедов, глава АСП «с.Дылым»

Районалъул учреждениябазулгун организациябазул х1алт1ухъабаз, т1олалго районцояз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго районалъул бет1ер Х1ажимурад Мусаевасда ва т1олабго г1агарлъиялда, к1одоэбел-

Шумайсат

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Алжан насиблъаги гьелъие.

Бетlерав редактор: Мухтар Гlалиевич Чупалаев тел: 55-48-94 Жавабияв секретарь: Мухlамад-Шарип Гlабдулашимов тел: 55-48-95

Мухбирзаби: Хlалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Сапият Султанмухlамадова Фотомухбир: Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо Хlайбаева Верстка: Марьям Атавхlажиева, Зайнаб Гlабдулмуслимова. Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Саид-Афандил къват1,2 Индекс: 51354 Заказ №132 Тираж 1300 Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола